

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Kasang tukang ieu panalungtikan didasaran ku kurangna kasadaran pamaca atawa pangregep rumpaka lagu dina maham ka na gaya basa anu digunakeun ku pangarang. Geus langkana masarakat dina ngagunakeun gaya basa dina kahirupan sapopoé jadi salah sahiji pangaruh kurang kamampuh dina maham gaya basa. Dilaksanakeunana ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsiéun ngeunaan wanda jeung ma'na tina tiap-tiap rumpaka lagu anu aya dina album *Dalingding Asih*.

Dumasar kana hasil analisi jeung data anu dijéntrékeun dina bab IV ngeunaan gaya basa dina rumpaka lagu album *Dalingding Asih* Rika Rafika kapanggih aya 48 data gaya basa. Sedengkeun wanda gaya basa anu kapaluruh nyaéta aya tujuh tina 12 wanda gaya basa anu ditétélakeun ku Sudaryat. Di antarana nyaéta wanda gaya basa *ngupamakeun*, wanda gaya basa *lalandian*, wanda gaya basa *mijalma*, wanda gaya basa *rarahulan*, wanda gaya basa *kadalon*, wanda gaya basa *kahanan*, jeung wanda gaya basa *silib*.

Tina 48 data gaya basa dina ieu album nu ditalungtik kabagi kana dua (7,1%) gaya basa *ngupamakeun*, dalapan (16,6%) gaya basa *lalandian*, 24 (50%) gaya basa *mijalma*, dalapan (18,7%) gaya basa *rarahulan*, tilu (6,2%) gaya basa *kadalon*, hiji (2%) gaya basa *kahanan*, jeung hiji (2%) gaya basa *silib*.

Sedengkeun lamun ditilik dumasar kana jumlah gaya basa nu kapanggih dina tiap lagu nyaéta *Tonggérét Deui* dua gaya basa, *Layung Galunggung* lima gaya basa, *Ah Duka* opat gaya basa, *Tungkus Asih* tujuh gaya basa, *Jangji Urang* 11 gaya basa, *Tagiwur Haté* genep gaya basa, *Dalingding Asih* tujuh gaya basa, *Lara Batin* opat gaya basa, *Lepat Saha* dua gaya basa.

5.2 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan gaya basa dina rumpaka lagu album *Dalingding Asih*, ayah al-hal anu perlu ditepikeun ku nu nulis, di antarana:

1. Ieu panalungtikan masih kénéh kaitung heureut dina wangun gaya basa, kusabab dina ieu panalungtikan analisisna ngacu kana pamadegan Sudaryat. Sedengkeun masih aya kénéh pamadegan-pamadegan séjénnna anu ngabahas ngeunaan wanda gaya basa.
2. Rumpaka lagu bisa dijadikeun bahan pikeun ditalungtik salian ti Novél, carpon, guguritan, jeung sajak. Katambah ku réana karya-karya musisi Sunda anu jarang kacabak. Ku kituna, perlu diayakeun deui panalungtikan-panalungtikan anu aya patalina jeung rumpaka lagu basa Sunda.